

Sa ou dwe konnen konsènan **POLYO**

Kisa polyo ye?

Polyo se yon maladi ki menase lavi, ki ka afekte sèvo a ak mwèl epinyè a epi ki lakoz paralizi oswa menm lanmò. Se sa ki fè polyo danjere anpil, sitou pou Nouyòkè ak pou timoun ki pa vaksinen yo.

Poukisa mwen ta dwe enkyete?

- Nan dat 21 jiyè a, yo te konfime yon ka polyo paralitik lakay yon rezidan Rockland County.
- Pou chak **grenn** ka polyo paralitik, ka petèt genyen plizyè **santèn** lòt moun ki enfekte ak maladi a.
- Vaksen kont polyo san danje, li 99% efikas, e li pwoteje plizyè milyon moun ak timoun pandan plizyè dizèn lane.

Kimoun ki arisk?

- Tibebe ki fenk fèt, ki twò piti pou yo vaksinen kont polyo.
- Timoun ki genyen laj 2 lane ak sa ki pi piti ki pa ajou avèk kalandriye vaksinasyon kont polyo yo.
- Tout adilt, sa enkli sa ki ansent yo, ki pa vaksinen oswa ki pa ajou avèk kalandriye vaksinasyon yo a.

Pa genyen okenn tretman pou geri polyo. Men ou ka pwoteje tèt ou ak pitit ou kont maladi sa a gras ak vaksinasyon san danje e ki efikas.

Meyè fason pou pwoteje tèt ou ak pitit ou se pou rete ajou avèk kalandriye vaksinasyon kont polyo w la.

• Timoun yo dwe pran yon dòz nan laj sa yo:

- Dòz 1: 6 semèn - 2 mwa
- Dòz 2: 4 mwa
- Dòz 3: 6 jiska 18 mwa
- Dòz 4: 4 jiska 6 lane


• Adilt, ki enkli moun ansent:

Yo dwe pran 3 dòz si yo pa vaksinen oswa si yo pa sèten ke yo te vaksinen.

- Adilt ki te pran sèlman 1 oswa 2 dòz vaksen kont polyo dwe pran 1 oswa 2 dòz ki rete yo, kèlkeswa kantite tan ki pase depi yo te pran premye dòz yo.
- Adilt ki genyen risk elve pou yo ekspoze ak viris polyo e ki te fin pran yon seri vaksinasyon woutin kont polyo ka konsilte yon pwofesyonèl swen sante pou yo resevwa yon dòz rapèl avi pou Vaksen Inaktive kont Polyo (Inactivated Polio Vaccine, IPV) a.



Kontakte yon pwofesyonèl swen sante oswa pwograme yon randevou gratis jodiya menm. health.ny.gov/polio/immunization



Sa ou dwe konnen konsènan

POLYO

Sentòm, Transmisyon ak Prevansyon

Kijan polyo transmèt?

- Polyo se yon maladi ki kontajye anpil, e moun ka transmèt viris la menm si yo pa genyen sentòm.
- Polyo transmèt de moun ak moun atravè kontak avèk poujou, lè moun estènye oswa atravè tigout saliv ki tonbe lè yon moun ki enfekte touse.
- Sa ka rive lè yon moun gen kontak sere ak yon moun ki malad, tankou lè y ap pran swen moun sa yo oswa lè y ap pataje manje oswa kouvè avèk yo.

Kisa sentòm polyo yo ye?

Moun ki pa vaksinen yo oswa ki pa ajou avèk kalandriye vaksinasyon kont polyo yo a ka devlope sentòm ki grav, sa ki enkli paralizi pèmanan (pa kapab bouje pati nan kò yo) e menm lanmò. Nan moun ki paralize yo, 5-10% mouri lè misk respiratwa yo immobilize.

Men, se pa tout moun ki genyen polyo k ap genyen sentòm. Pou moun ki genyen sentòm yo, sentòm sa yo ka lejè e yo ka sanble ak sentòm grip epi yo ka pran jiska 30 jou pou yo manifeste. Nan moman sa a, moun yo ka transmèt lòt moun viris la san yo pa konn sa. Sentòm sa yo ka se:

- Malgòj
- Fatig
- Lafyèb
- Maltèt
- Kò rèd oswa doulè nan misk

Kijan mwen ka fè prevansyon kont polyo?

PRAN VAKSEN!

- Asire w ke oumenm ak pitit ou ajou avèk kalandriye vaksinasyon kont polyo w la.
- Si w pa sèten ke w te vaksinen, pale ak yon pwofesyonèl swen sante, ki pral asire l ke ou jwenn pwoteksyon ou bezwen an.
- Lè ou lave men w ak savon sa ka ede anpeche transmisyon jèm yo.
- Nouyòkè yo dwe konnen ke dezenfektan abaz alkòl pa byen fonksyone pou kèk kalite jèm, tankou polyo.

Èske ou bezwen plis enfòmasyon? health.ny.gov/polio

